# Ózbekstan – Qıtay biznes-forumı: birge islesiwdiń dáslepki basqıshı 25.10.2018

Image not found or type unknown

**Nókiste Ózbekstan – Qıtay biznes-forumı bolıp ótti.**

Ózbekstan Respublikasınıń Qıtay Xalıq Respublikasındaǵı elshixanasınıń baslamasında Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi menen Ministrler Keńesi, Investiciyalar boyınsha mámleketlik komiteti,  Ózbekstan Sawda-sanaat palatası Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması menen birgelikte shólkemlestirilgen ilajǵa qala hám rayon hákimleriniń orınbasarları, isbilermenler, Qıtaydıń jetekshi kompaniyalarınıń wákilleri qatnastı.

Forumda Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń Baslıǵı M.Erniyazov, Ózbekstan Respublikasınıń Qıtay Xalıq Respublikasındaǵı Ayrıqsha hám tolıq huqıqlı elshisi B.Saidov, Ózbekstan Respublikası Prezidenti administraciyasınıń xızmetkeri SH.Abdullaev, Qıtaydıń «Lanko Miya» kompaniyasınıń wákili Djou Xaygao, «CNBM Group» kompaniyasınıń joybar direktorı Kao Yubo shıǵıp sóylep, mámleketlerimiz arasında sawda-ekonomikalıq hám investiciyalıq baylanıslardı bekkemlew jolında ámelge asırılıp atırǵan keń kólemli ilajlarǵa toqtap ótti.

Atap ótilgenindey, búgingi kúni Qıtay elimiz ekonomikasına eń kóp investiciya kirgizip atırǵan mámleketlerden biri bolıp tabıladı. Ullı jipek jolınıń qayta tikleniwi dep bahalanıp atırǵan «Bir mákan, bir jol» joybarı mámleketlerimiz arasındaǵı hár tárepleme birge islesiw potencialın arttırıwda ayrıqsha áhmiyetke iye bolmaqta.Bir ǵana mısal, respublikamızdaǵı eń iri sanaat kárxanalarınan esaplanǵan Qońırat soda zavodı qurılısında qıtay kompaniyalarınıń belsene qatnasqanlıǵın ayrıqsha atap ótiw kerek. Búgingi kúni Qıtay investiciyalarınıń qatnasında respublikamızda 39 kárxana jumıs alıp barıp atırǵan bolsa, olardıń sırtqı sawda aylanısı 124,3 million AQSH dollarını quraydı. Egerde ótken jılı usı mámleket isbilermenleriniń qatnasında 8 kárxana dúzilgen bolsa, búgingi kúnge olardıń sanı eki esege kóbeydi. Olar tárepinen kirgizilgen investiciyalardıń kólemi 9,1 million AQSH dollarını qurap,  ótken jılǵa salıstırǵanda derlik bes esege ósti.

Respublikamız isbilermenleriniń Qıtay Xalıq Respublikasına tórt márte saparı shólkemlestirilip, onıń sheńberinde usı mámlekettiń jetekshi kompaniyaları menen birgelikte bir qatar joybarlardı ámelge asırıw boyınsha kelisimlerge erisildi.

Sonıń menen birge, 12 joybar Qıtaydıń tikkeley investiciyalarınıń qatnasında ámelge asırılıp atırǵan bolsa, 20 qospa kárxana dizimnen ótken. Elimizde shet elli investorlarǵa jaratılǵan sharayatlardı esapqa alatuǵın bolsaq, álbette, bul kórsetkishler az. Búgingi forum birge islesiwdi rawajlandırıwda dáslepki basqısh bolıp xızmet etedi.

Atap aytqanda, «Nókis-farm» erkin ekonomikalıq zonasında, 7 kishi sanaat zonasındaǵı investorlarǵa bir qatar jeńillikler berilmekte. Respublikamızda qurılıs materialların, cellyuloza hám qaǵaz, dárilik ósimliklerdi qayta islew hám  farmacevtika ónimlerin islep shıǵarıw, awıl xojalıq ónimlerin qayta islew, paxtadan tayar tekstil ónimlerin islep shıǵarıw, sharwashılıq hám balıqshılıqtı rawajlandırıw, turizm potencialın keńeytiw, kishi miymanxanalardı qurıw joybarların ámelge asırıw ushın keń imkaniyatlar bar.

–  Sırt el investorlarınıń belsene hám erkin jumıs alıp barıwında sol mámlekettegi tınısh-tatıwlıq, turaqlı rawajlanıw, en baslısı, olarǵa jaratılǵan imkaniyatlar  ayrıqsha áhmiyetke iye, – deydi «Lanko Miya» kompaniyasınıń wákili Djou Xaygao.-Usı kóz qarastan qaraǵanda, forumda qatnasıp atırǵan jerleslerime Ózbekstanda, sonıń ishinde, Qaraqalpaqstanda bunday imkaniyat joqarı ekenligin atap ótpekshimen.

Mine 2005-jıldan berli Qaraqalpaqstanda jumıs alıp barıp atırmız. SHımbay rayonındaǵı «Lanekstrakt» hám Kegeyli rayonındaǵı «Lankomiya» juwapkershiligi sheklengen jámiyetleri qospa kárxanalarında 500 den aslam jumıs ornı jaratıldı. Ónimlerimiz tiykarınan shet ellerge eksport etilmekte. Keleshekte awıl xojalıǵı tarawında da jańa joybarlardı ámelge asırıwdı niyet etip otırmız. Sonı qanaatlanıwshılıq penen atap ótpekshimen, búgingi kúni Qıtay menen birge islesiw jáhán bazarına keń jol bolsa, al, Ózbekstan dúnya júzi isbilermenleriniń arzıw-ármanındaǵı mámleketke aylanbaqta.

Forumda miymanlarǵa respublikamızdıń investiciyalıq potencialı, sırt el investorlarına jaratılǵan sharayatlar boyınsha keń túrde túsinik berildi.

– Bıyılǵı jılı Qıtaydıń Xunan provinciyasında bolıp, «Xunan medikal triuf» kompaniyası menen birge islesiw boyınsha kelisimge eristik,-deydi «Qońırat agro solod sistem» juwapkershiligi sheklengen jámiyetiniń baslıǵı Zamira Xojametova. – Usı kelisimge muwapıq búgingi kúnge 47 mıń AQSH dolları muǵdarındaǵı ónim eksportqa shıǵarıldı. Bul ilaj isbilermenler arasındaǵı óz-ara baylanıslardı bunnan bılay da bekkemlewge xızmet etedi.

Forum sońında shet elli sheriklesler menen tabıslı birge islesip atırǵan qala hám rayon hákimleriniń orınbasarlarına, bir topar isbilermenlerge shólkemlestiriwshiler tárepinen estelik sawǵaları tapsırıldı. Usı jerdiń ózinde Taxtakópir hám Taqıyatas rayonları hákimlikleri menen Qıtaydıń jetekshi kompaniyaları arasında birge islesiw boyınsha memorandumǵa qol qoyıldı.